

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

DECRET N° 100/189 DU 25 AOÛT 2014
PORTANT MODALITES DE DETERMINATION
ET D'INSTAURATION DES PERIMETRES DE
PROTECTION DES CAPTAGES D'EAU
DESTINEE A LA CONSOMMATION HUMAINE

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la Loi n° 1/02 du 26 mars 2012 portant Code
de l'Eau au Burundi, spécialement en article 4
point 43, 41, 43, 44, 45, 46 et 47 ;

Vu le Décret n° 100/95 du 28 mars 2011 portant
Organisation du Ministère de l'Eau, de
l'Environnement, de l'Aménagement du Territoire
et de l'Urbanisme ;

Vu le Décret n° 100/115 du 30 avril 2013 portant
Réorganisation du Ministère de l'Agriculture et de
l'Elevage, spécialement en son article 25 ;

Vu le Décret n° 100/319 du 22 décembre 2011
portant Statuts de l'Agence burundaise de
l'hydraulique rurale, spécialement en son article
24 ;

Sur proposition du Ministre de l'eau, de
l'environnement, de l'aménagement du territoire
et de l'urbanisme ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

DECRETE :

REPUBLIKA Y'UBURUNDI



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

ITEGEKO INOMERO 100/189 RYO KU WA 25
MYANDAGARO 2014 RYEREKEYE INGENE
HATOMORWA UTURERE DUKINGIRA AMASOKO
AKWEGWAMWO AMAZI ABANTU BANYWA
N'INGENE DUSHINGWA

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika
y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/02 ryo ku wa 26
Ntwarante 2012 ryerekeye Igitabu c'amategeko
agenga amazi mu Burundi na canecane mu ngingo
ya 4, agace ka 43, iya 41, iya 43, iya 44, iya 45, iya
46 n'iya 47 ;

Yihweje Itegeko inomero 100/95 ryo ku wa 28
Ntwarante 2011 ritunganya Ubushikiranangaji
bw'Amazi, Ibidukikije, Ugutunganya amatongo
n'iterambere ry'ibisagara ;

Yihweje Itegeko inomero 100/115 ryo ku wa 30
Ndamukiza 2013 ritunganya gushasha
Ubushikiranangaji bw'Uburimyi n'Ubworozi, na
canecane mu ngingo yaryo ya 25 ;

Yihweje Itegeko inomero 100/319 ryo ku wa 22
Kigarama 2011 ryerekeye amategeko ngenderwako
y'lkigo c'Igihugu kijejwe gukwiragiza amazi ahitari
mu bisagara, na canecane mu ngingo yaryo ya 24 ;

Bishikirijwe n'Umushikiranangaji w'amazi, ibidukikije,
ugutunganya amatongo n'iterambere ry'ibisagara ;

Inama Nshikiranangaji imaze kuvyihweza ;

ASHINZE :

CHAPITRE PREMIER : DE L'OBJET**IGICE CA MBERE : IVYO IRI BWIRIZWA
RYEREKEYE****Article 1^{er} :****Ingingo ya mbere :**

Sans préjudice des dispositions particulières contenues dans d'autres textes législatifs ou réglementaires en vigueur, le présent décret a pour objet de définir les modalités de détermination et d'instauration des périmètres de protection des captages d'eau destinée à la consommation humaine, tels que définis par l'article 4 point 43 du Code de l'eau.

Hatirengagijwe izindi ngingo zivyerekeye ziri mu yandi mabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa, iri tegeko rifise intumbero y'ugusigura ingene hatomorwa uturere dukingira amasoko akwegwamwo amazi abantu banywa n'ingene dushingwa, nk'uko biri mu ngingo ya 4 agace 43 y'Igitabu c'amategeko agenga amazi.

**CHAPITRE II : DES MODALITES DE
DETERMINATION DES
PERIMETRES DE PROTECTION
DES CAPTAGES D'EAU****IGICE CA II : INGENE HATOMORWA UTURERE
DUKINGIRA AMASOKO
AKWEGWAMWO AMAZI****Section 1 : La délimitation des périmètres****Agace ka 1 : Ugushiraho imbibe****Article 2 :****Ingingo ya 2 :**

Sous réserve des dispositions ci-après, la détermination des périmètres de protection des captages d'eau destinée à la consommation humaine obéit aux normes techniques contenues dans le Guide national de détermination des périmètres de protection des captages d'eau destinée à la consommation humaine en annexe I, et qui fait partie intégrante du présent décret.

Hatirengagijwe ingingo z'iri tegeko zikurikira, ugutomora imbibe z'uturere dukingira amasoko akwegwamwo amazi abantu banywa vyubahiriza amategeko ategakanijwe mu Rwandiko rw'ivyisungwa ku rwego rw'igihugu mu gutomora uturere dukingira amasoko akwegwamwo amazi abantu banywa rugize imperekeza ya I, kandi ruri mu bigize iri tegeko.

Le guide visé à l'alinéa précédent est susceptible d'être mis à jour chaque fois que de besoin, par ordonnance du Ministre en charge de la gestion de l'eau, après avis du Conseil des Ministres.

Urwandiko rwavuzwe mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo rurashobora kuja ruraroranishwa n'ibihe igihe cose bikenewe, biciye mw'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe amazi, Inama nshikiranganji imaze kugira ico ibivuzeko.

Article 3 :**Ingingo ya 3 :**

Tout opérateur public ou privé intervenant dans la construction, la gestion ou l'exploitation des captages d'eau destinée à la consommation humaine est tenu de procéder à la délimitation et à la mise en place de périmètre(s) de protection avant le début de l'exploitation.

Umuntu wese canke ishirahamwe ryose ryaba irya Reta canke iryigenga rikora ivy'ukwubaka amasoko akwegwamwo amazi abantu banywa, ukuyatunganya canke ukuyakoresha, ritegerezwa gushiraho imbibe z'uturere dukingira amasoko akwegwamwo amazi abantu banywa n'ukuhashinga uturimbi imbere y'ugutangura gukoresha amasoko.

Les périmètres peuvent avoir pour objet la protection immédiate, rapprochée ou éloignée en fonction des impératifs de la protection qualitative de l'eau.

Utwo turere tugenewe gukingira ayo masoko nyene akwegwamwo amazi, twaba uturi hafi canke kure yayo bivanye n'ibikenewe mu gukingira akaranga k'amazi abantu banywa.

Quel que soit le type de périmètre de protection, son aménagement est subordonné à l'obtention préalable d'une autorisation de l'autorité compétente.

Akarere gakingira amasoko akwegwamwo amazi, kaba akari hafi canke akari kure y'amasoko, gatunganywa ari uko umutegetsu abifitiye ububasha abanje kubitangira uruhusha.

Section 2 : La procédure d'autorisation de délimitation de périmètres

Agace ka 2 : Ibikorikizwa mu gutanga uruhusha rw'ugushiraho imbibe z'uturere dukingira amasoko akwegwamwo amazi

Article 4 :

Ingingo ya 4 :

Le dossier de demande est introduit en trois exemplaires par l'opérateur. Il est adressé au Ministre en charge de la gestion de l'eau sauf si le captage n'est pas muni d'un système d'adduction, auquel cas les demandes sont adressées à l'Administrateur communal territorialement compétent.

Idosiye y'ugusaba uruhusha ishikirizwa mu makopi atatu n'ishirahamwe rya Reta canke iryigenga. Iyo dosiye irungikirwa Umushikiranganji ajejwe amazi kiretse iyo igikorwa c'ugukwega amazi kitari kumwe n'ic'ukuyakwiragiza, muri ico gihe amadosiye abisaba arungikirwa Musitanteri w'ikomine akarere vyerekeye karimwo.

Article 5 :

Ingingo ya 5 :

Le dossier contient au minimum les documents et les informations ci-après :

Idosiye y'ugusaba uruhusha iba irimwo n'imiburiburi inzandiko n'ibimenyeshwa bikurikira :

- 1° L'identité ou la dénomination du demandeur, son domicile ou sa résidence ou, s'il s'agit d'une personne morale, son siège et/ou son principal établissement au Burundi, avec toutes les pièces justificatives nécessaires, telles qu'une attestation d'identité complète ou, s'il s'agit d'une personne morale, les statuts la régissant y compris, le cas échéant, une autorisation officielle d'exercer au Burundi, avec indication de ses représentants légaux ;
- 2° La période projetée de délimitation et d'implantation de la protection ;
- 3° L'étude technique du projet dont le contenu est défini à l'article 8 ci-dessous ;

- 1° Ibiranga uwusaba uruhusha canke izina ry'ishirahamwe, ahari urugo rw'uwasaba uruhusha canke aho acumbitse, mu gihe ari ishishamwe naho, icicaro caryo canke ahari ikigo gikuru caryo mu Burundi, hamwe n'inzandiko zose zikenewe, nk'urwandiko rudondora umuntu canke, iyo ari ishishamwe, amategeko ngenderwako yaryo, harimwo, bikenewe, uruhusha rutangwa n'ubutegetsu rwo gukorera mu Burundi, hakerekanwa n'abariserukira imbere y'amategeko ;
- 2° Ikiringo gitegekaniywe c'ugushiraho imbibe z'akarere gakingira amasoko akwegwamwo amazi n'ugutangura ibikorwa vy'ukuhakingira ;
- 3° Ibigwa c'ubuhinga buzokoreshe mu mugambi ibishirwa muri ico cigwa bikaba bitomowe mu ngingo ya 8 y'iri tegeko ;

  

  

4° Un avis de l'Administrateur communal du lieu d'implantation du périmètre de protection sauf si la demande est adressée à cette autorité communale.

4° Urwandiko rurimwo ico musitanteri w'ikomine irimwo akarere ko gukingira isoko abivugako, kiretse icyo bisabwe musitanteri nyene.

Article 6 :

Les délimitations visées à l'article 3 ci-dessus sont effectuées sur base d'une étude technique préalable établissant clairement que la nécessité de procéder à la protection spéciale d'un tel captage relève de l'intérêt général local, régional ou national.

Ingingo ya 6 :

Ugushiraho imbibe zivugwa mu ngingo ya 3 y'iri tegeko bigirwa hisunzwe icigwa c'ubuhinga kiba cagizwe cerekana neza ko ari nkenerwa ko isoko rikingirwa ku buryo budasanze ku neza y'abahaba bose, y'ababa muri ako karere canke ku neza y'igihugu.

Article 7 :

L'étude technique prescrite à l'article 6 est menée par l'opérateur intéressé. Le Ministre en charge de la gestion de l'eau et l'Administrateur communal territorialement compétent reçoivent pour avis une copie du rapport d'étude produit.

Ingingo ya 7 :

Icigwa c'ubuhinga kivugwa mu ngingo ya 6 gikorwa n'uwusaba uruhusha. Umushikiranganji ajejwe amazi na musitanteri atwara ikomine igikorwa c'ugukwega amazi kiberamwo bararungikirwa ikopi y'icegeranyo c'icigwa cakoze kugira bagire icyo babivuzeko.

Article 8 :

Le rapport d'étude visé à l'article 7 comporte, entre autres :

Ingingo ya 8 :

Icegeranyo c'icigwa kivugwa mu ngingo ya 7 kirimwo ahanini ibi bikurikira :

- une description du captage à protéger, son emplacement, sa vocation, son débit et le nombre approximatif de bénéficiaires ;
- la nature des périmètres de protection proposés, à savoir les périmètres de protection immédiate et rapproché, avec indication cartographique précise des zones respectives à protéger ;
- des précisions sur l'opportunité ou l'inopportunité de compléter le périmètre de protection proposé, par un périmètre de protection éloigné ;
- une description des mesures pratiques proposées pour la mise en place des périmètres de protection ;
- Ukudondora isoko rikwegwamwo amazi rikeneye gukingirwa, aho riri, icyo rigenewe, urugero rw'amazi yisuka kw'iseponde n'igitigiri ngereranyo c'abazoyakoresha ;
- Uturere tugenewe gukingira amasoko akwegwamwo amazi utwo ari two, turi hafi y'amasoko, n'ukwerekana neza kw'ikarata aho uturere two gukingira duherereye ;
- Ugutomora ko bikenewe canke bidakenewe ko akarere gakingira isoko kongerwako akandi karere k'ukurikingira kagera kure ;
- Insiguro y'ingingo zizoshirwa mu ngiro mugushiraho uturere tw'ugukingira isoko ;

- un rapport d'enquête parcellaire et participatif établissant les différents titulaires de droits fonciers sur le site à ériger en zone de protection, comportant, le cas échéant, un mémorandum d'entente avec les titulaires de droits fonciers sur ledit site sur la forme et les modalités d'indemnisation ;
- Une note d'évaluation d'impacts socio-économiques négatifs avec, s'il y a lieu, des mesures de mitigation.
- Icegeranyo c'ivyatohojwe ku matongo cerekana abafise uburenganzira ku matongo yo mu karere isoko rikwegwamwo amazi abo ari bo, gikorwa barimwo, kirimwo, igihe bikenewe, amasezerano y'umwumvikano abafise uburenganzira ku matongo yo muri ako karere bagiranira n'uwusaba uruhusha ku vyerekeye umuzibukiro bazoronka n'ingene uzotangwa ;
- Urwandiko rwerekana ingaruka mbi muvy'imibano n'ubutunzi zishobora gushika kubera ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi hamwe, bikenewe, n'ingingo zituma hononekara bike.

Les indications techniques contenues dans le rapport se réfèrent explicitement aux points précis du Guide national de détermination des périmètres de protection des captages d'eau destinée à la consommation humaine.

Ivyerekana ubuhinga buzokoresha bishirwa mu cegeranyo biratomora ingingo zakurikijwezo mu rwandiko rw'ivyisungwa ku rwego rw'igihugu mu gushinga uturere tw'ugukingira amasoko akwegwamwo amazi abantu banywa.

Article 9 :

Indépendamment des propositions contenues dans l'étude préalable à l'instauration d'un périmètre de protection, les activités reprises à l'article 45 du Code de l'eau sont, en tout lieu et en toute circonstance, réputées interdites dans tout périmètre de protection immédiat et rapproché.

Ingingo ya 9 :

Hatarinze kwisungwa ivyashikirijwe mu cigwa c'intangamarara kigirwa imbere y'ugushinga akarere k'ugukingira isoko, ibikorwa bivugwa mu ngingo ya 45 y'igitabu c'amategeko agenga amazi, aho ari hose no mu gihe ico ari cocose, bifatwa ko bibujijwe mu karere kose gakingira isoko haba hafi canke ahagereye isoko.

Article 10 :

Conformément aux dispositions du Code foncier relatives à l'expropriation pour cause d'utilité publique, tout établissement d'un périmètre de protection immédiat est précédé d'une allocation d'une juste et préalable indemnité aux propriétaires ou aux titulaires d'autres droits fonciers sur la partie non domaniale du périmètre en question.

Ingingo ya 10 :

Hisunzwe ingingo zo mu Gitabu c'amategeko agenga amatongo zijanye n'ugusohora abantu mu matongo yabo ku neza ya bose, imbere y'ugushinga akarere k'ugukingira isoko ry'amazi abantu banywa, bene amatongo canke abandi bafise ubundi burenganzira kw'itongo atari irya Reta riri muri ako karere babanza guhabwa umuzibukiro ukwiye.

Article 11 :

Dans les cas des captages non munis d'un système d'adduction où les demandes sont adressées à l'Administrateur communal, ce dernier dispose d'un délai d'un mois pour les traiter et y répondre.

Ingingo ya 11 :

Mu gihe ari igikorwa c'ugukwega amazi gusa ukuyakwiragiza bitarimwo, amadosiye ashikirizwa musitanteri w'ikomine, nawe akaba afise ikiringo c'ukwezi kumwe kugira ayige kandi atange inyishu.

Article 12 :

Lorsque la demande est adressée au Ministre ayant la gestion de l'eau dans ses attributions, celui-ci dispose d'un délai de deux mois maximum pour la suite y relative.

En vue d'une instruction approfondie de la demande, deux copies du dossier sont envoyées pour avis respectivement au Ministre en charge de l'eau potable et au Ministre en charge de l'Administration territoriale. Ils disposent chacun d'un délai d'un mois maximum pour faire parvenir leur avis au Ministère ayant la gestion de l'eau dans ses attributions.

La réponse du Ministre doit intervenir endéans trois mois à compter de la réception de la demande.

Article 13 :

Au vu de la décision l'autorisant, le titulaire de l'autorisation est tenu de procéder, dans un délai maximal de trois mois, à la matérialisation du ou des périmètres de protection autorisés, après avoir, le cas échéant, désintéressé les titulaires éventuels de droits fonciers sur le site érigé en périmètre de protection.

Article 14 :

Dès la fin de la matérialisation des périmètres de protection, l'opérateur en adresse un rapport circonstancié à l'auteur de l'autorisation et lui demande un certificat de conformité. Ce rapport précise le numéro de référence de l'autorisation.

Article 15 :

Le certificat de conformité ne peut être refusé que pour un motif de non-conformité avec l'autorisation de mise en place du périmètre de protection.

Ingingo ya 12 :

Mu gihe idosiye ishikirijwe Umushikiranangaji ajejwe amazi, afise ikiringo c'amezi abiri atarenga kugira yishure.

Mu ntumbero y'ukwiga bikwiye idosiye, hagirwa amakopi abiri y'iyi dosiye, ikopi imwe ikarungikirwa Umushikiranangaji ajejwe amazi yo kunywa, iyindi ikarungikirwa Umushikiranangaji w'intworo mu gihugu kugira bagire ico bayivuzeko. Umwumwe wese afise ikiringo kitaranga ukwezi kumwe kugira ashikirize Umushikiranangaji bujewe itunganywa ry'amazi ico yiyumvira kuri iyi dosiye.

Inyishu y'Umushikiranangaji itegerezwa kuboneka mu kiringo kitaranga amezi atatu giharurwa kuva idosiye yakiriwe.

Ingingo ya 13 :

Amaze kubona ingingo imuha uruhusha, uwahawe uruhusha ategerezwa gutangura ibikorwa vy'ukwerekana urubibe canke imbibe z'akarere gakingira amazi katangiwe uruhusha mu kiringo kitaranga amezi atatu, abanje guha umuzibukiro, igihe bikenewe, aboba bafise uburenganzira ku matongo yagenewe kuba akarere gakingira isoko ry'amazi.

Ingingo ya 14 :

Kuva ahejeje kwerekana urubibe canke imbibe z'akarere gakingira isoko ry'amazi, uwahawe uruhusha ararungikira uwamuhaye uruhusha icegeranyo cerekana ido n'ido ry'ingene igikorwa cagenze agaca amusaba urwandiko rwemeza ko imbibe zashizweho hisunzwe uko vyasezeranywe. Muri ico cegeranyo haba harimwo inomeru y'uruhusha.

Ingingo ya 15 :

Urwandiko rwemeza ko imbibe zashizweho hisunzwe uko vyasezeranywe rureka gusa gutangwa iyo ibikorwa vyakozwe bidahuye n'ivyatangiwe uruhusha rw'ugushiraho imbibe z'akarere gakingira isoko rikwegwamwo amazi abantu banywa.

**CHAPITRE III : DE L'ENTRETIEN DU
PERIMETRE DE PROTECTION
DES CAPTAGES D'EAU**

Article 16 :

Sauf disposition conventionnelle contraire, l'entretien du périmètre de protection incombe à l'opérateur exploitant le captage dont il constitue l'accessoire.

En l'absence, pour quelque cause que ce soit, d'un opérateur précis exploitant le captage, la charge d'entretien du périmètre de protection incombe au maître d'ouvrage.

Article 17 :

En cas de contravention à l'obligation d'entretien prescrite à l'article précédent, l'Administrateur communal du lieu où se trouvent les périmètres de protection prend, après une vaine mise en demeure des intéressés, toute mesure conservatoire qu'il juge utile, y compris la suspension de la fourniture de l'eau de captage.

En cas de recours aux mesures conservatoires, l'Administrateur communal en avise sans délai le Ministre ayant la gestion de l'eau dans ses attributions, qui prend toutes dispositions utiles en vue de la protection qualitative de la ressource eau.

**CHAPITRE IV : DES DISPOSITIONS
TRANSITOIRES ET FINALES**

Article 18 :

Il est accordé aux exploitants ou aux opérateurs actuellement actifs, qui ne seraient pas déjà en ordre avec les exigences du présent décret, un délai de trois ans pour s'y conformer.

**IGICE CA III : IVYEREKEYE UKUBUNGABUNGA
AKARERE GAKINGIRA MASOKO
AKWEGWAMWO AMAZI**

Ingingo ya 16 :

Kiretse mu masezerano hari ingingo ibitegekanya ukundi, uwahawe uruhusha ni we ajejwe kubungabunga akarere gakingira amasoko akwegwamwo amazi kuko gafatanye n'ayo masoko.

Mu gihe, ku mvo iyo ari yo yose, uwahawe uruhusha atahari ngo abungabunge akarere gakingira amasoko akwegwamwo amazi, ako karere kabungabungwa na nyene ibikorwa.

Ingingo ya 17 :

Nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 16, mu gihe ingingo y'ukubungabunga akarere gakingira amasoko akwegwamwo amazi irenzwe, Musitanteri w'ikomine ako karere karimwo, amaze kugabisha ababifisemwo inyungu ntibabikurikize, arafata ingingo yose y'imfatakibanza abona ko ikwiye, harimwo n'uguhagarika gutanga amazi akwegwa muri iryo soko.

Mu gihe afashe ingingo mfatakibanza, Musitanteri aca abimenyeshya adatevye Umushikiranganji ajejwe amazi, na we agaca afata ingingo zose zikenewe kugira amazi abantu banywa agume akingiwe.

**IGICE CA 4 : INGINGO MFATAKIBANZA
N'IZISOZERA**

Ingingo ya 18 :

Abasanzwe muri iki gihe bakora ivyerekeye ugukwega amazi n'abasanganywe impusha z'ugutunganya uturere dukingira amasoko akwegwamwo amazi boba batarakurikiza ibisabwa n'iri tegeko, bahawe ikiringo c'imyaka itatu kugira ngo babe bisunze iri tegeko.

Le délai prévu à l'alinéa précédent est étendu à cinq ans pour les captages non pourvus d'un système d'adduction.

Article 19 :

Toutes dispositions antérieures contraires au présent décret sont abrogées.

Article 20 :

Le Ministre ayant la gestion de l'Eau dans ses attributions est chargé de l'application du présent décret qui entre en vigueur le jour de sa signature.

Fait à Bujumbura, le 25 août 2014,

Pierre NKURUNZIZA

PAR LE PRÉSIDENT DE LA RÉPUBLIQUE,

LE DEUXIÈME VICE-PRÉSIDENT DE LA RÉPUBLIQUE,

Dr Ir Gervais RUFYIKIRI.

LE MINISTRE DE L'EAU, DE L'ENVIRONNEMENT, DE L'AMÉNAGEMENT DU TERRITOIRE ET DE L'URBANISME,

Ir Jean Claude NDUWAYO.

Ikiringo gitegekanijwe mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo kirongerejwe gushika ku myaka itanu iyo ari igikorwa c'ugukwega amazi abantu banywa kitajana n'ic'ukuyakwiragiza.

Ingingo ya 19 :

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Ingingo ya 20 :

Umushikiranganji ajejwe amazi ni we ashinzwe gushira mu ngiro iri tegekoritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.

Bigiriwe i Bujumbura, kuwa 25 Myandagaro 2014,

NKURUNZIZA Pierre.

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

ICEGERA CA KABIRI C'UMUKURU W'IGIHUGU,

Dr Ir RUFYIKIRI Gervais.

UMUSHIKIRANGANJI W'AMAZI, IBIDUKIKIJE, UGUTUNGANYA AMATONGO N'ITERAMBERE RY'IBISAGARA,

Ir NDUWAYO Jean Claude.